



Ou vle èd pou peye  
pou asirans medikal ou?

Chèche konnen kijan nou kapab ede ou  
peye yon pòsyon nan prim asirans ou.



Pwogram Asistans Miami-Dade  
nan Asirans Medikal

# Nou kapab fè asirans pi bon mache pou ou.

Konte Miami-Dade ofri yon pwogram ki kapab peye yon pòsyon nan prim asirans ou chak mwa pou yon plan medikal Miami-Dade Blue<sup>1</sup> nan Blue Cross and Blue Shield of Florida (BCBSF).

## Avantaj Miami-Dade Blue

Ansanm avèk prim ki pa chè, Miami-Dade Blue prezante sèlman yon rezo bon kalite founisè swen medikal ki baze nan kominote a pou ede ou ekonomize sou sèvis tankou:

- Swen regilye, tankou vizit nan klinik yon doktè oswa yon espesyalis fanmi ak egzamen fizik regilye pou adilt ak vizit timoun ki pa malad
- Medikaman sou preskripsyon
- Tès nan laboratwa
- Swen regilye nan dan tankou netwayaj, plonbaj, radyografi, ak plis lòt
- Sejou (entène) ak operasyon nan lopital
- Vizit nan sant ak klinik swen ijan
- Mamogram

Lèfini, ou kapab pran avantaj sipò swen medikal ak byennèt ki adapte pou ou anliy, nan telefòn oswa anpèsòn.

Kantite lajan asistans ou resevwa nan pwogram Asistans Miami-Dade nan Asirans Medikal baze sou revni kay ou chak ane ak montan total prim ou pou yon plan asirans<sup>1</sup> medikal Miami-Dade Blue.



## Kijan pou mwen kalifye nan pwogram Asistans Asirans Medikal Konte a?

### Ou fèt pou:

- gen laj 19-64 ane
- Ap viv nan Konte Miami-Dade
- Yon moun selibatè ki gen yon revni anyèl ant \$10,830 ak \$32,490\*  
\* Revni ki pi wo ka aplike pou fanmi ki gen de moun oswa plis
- Yon sitwayen Ameriken oswa yon moun ki pa sitwayen Ameriken men ki kalifye
- Pa kalifye pou Medicaid, Medicare, oswa pou nenpòt lòt finansman piblik
- Nan akò pou resevwa swen medikal nan youn nan sis lokal Sant Medikal toupatou nan Konte Miami-Dade Ki Patisipe
- Fèt pou aplike ak jwenn apwobasyon pou yon plan medikal Miami-Dade Blue, pwodui asirans ki asosye ak pwogram Asistans Konte a nan Asirans Medikal

Gen limit nan anwolman nan pwogram nan akòz disponiblite lajan.

## Kijan pou mwen kòmanse?

Chèche konnen si ou ka kalifye pou asistans nan asirans medikal depi ou ranpli fòm pre-seleksyon fasil anliy jodi a nan [www.miamidade.gov/ochp/health-insurance-assistance](http://www.miamidade.gov/ochp/health-insurance-assistance). Oswa rele 3-1-1 pou jwenn plis enfòmasyon.

## Si mwen sanble kalifye, kijan pou mwen aplike pou pwogram nan?

Ale nan youn nan sant aplikasyon Sant Medikal ki Kalifye nou yo nan Nivo Federal yo (FQHC), epi ranpli yon fòm aplikasyon. Ou kapab jwenn youn lis sant patnè Swen Primè padèyè tiliv la.



### Egzanp ki anba la yo ba ou yon lide sou kantite lajan ou ta ka peye pa mwa selon revni total anyèl moun lakay ou.

Laj/Sèks	Gason 25 ane	Fanm 40 ane	Gason 50 ane	Fanm 60 ane
Revni Anyèl	\$17,500	\$34,500	\$23,000	\$25,500
Pa mwa Prim Asirans	\$83	\$148	\$196	\$278
Kantite moun ki nan fanmi	1	2	1	2
Kantite lajan Asistans Konte a bay	\$25	\$75	\$100	\$150
W ap peye	<b>\$58</b>	<b>\$73</b>	<b>\$96</b>	<b>\$128</b>

Prim yo baze sou moun ki pa fimèn epi k ap viv nan Konte Miami-Dade. Tarif ki endike nan lis la anavige apati 1ye janvyè 2011 yo kapab chanje.

<sup>1</sup>Miami-Dade Blue gen limit ak eskizyon, li gen souskripsyon medikal, epitou li asire nan Blue Cross and Blue Shield of Florida, yon konpayi endepandan ki gen lisans Blue Cross and Blue Shield Association. Konte Miami-Dade pa responsab pou fonksyonman oswa responsablite pwodui sa a.



nan tèt ansanm avèk





### **Ki dokiman mwen bezwen pote lè m ap aplike?**

- Pyés didantite ki gen foto ou fè nan ajans gouvènman
- Dokiman ki pwouve Revni Moun Lakay ou
- Dokiman ki pwouve w ap viv nan Konte Miami-Dade

### **Ki sa k ap pase apre, si mwen kalifye pou pwogram Asistans nan Asirans Medikal?**

1. Y ap prezante ou ba yon ajan lisansye Blue Cross and Blue Shield of Florida, epi ajan an ap ede ou ranpli yon aplikasyon pou plan asirans medikal Miami-Dade Blue.
2. Ou fèt pou peye yon premye prim \$30 lè w ap ranpli fòm aplikasyon asirans lan avèk ajan BCBSF ou. Y ap remèt ou 100% lajan depo sa a si ou pa kalifye pou plan medikal Miami-Dade Blue.
3. Si yo apwouve ou pou plan medikal Miami-Dade Blue, pwogram Asistans nan Asirans Medikal ap kòmanse peye yon pati nan prim ou chak mwa. (w ap resewa yon liv kupon ki gen kantite lajan ou dwe chak mwa a).

**Aplike nan nenpòt Sant Medikal  
ki Kalifye nan Nivo Federal**

**Borinquen Health Care Center**

3601 SW Federal Hwy. Miami, FL 33137  
305-576-6611

**Citrus Health Network**

4125 W 20th Ave. Hialeah, FL 33012  
305-825-0300

**CHI - Doris Ison Center**

10300 SW 216 St. Miami, FL 33190  
305-253-5100

**Helen Bentley Family Health Center**

3090 South Douglas Rd. Miami, FL 33133  
305-447-4950

**Jessie Trice Community Health Center**

5361 NW 22nd Ave. Miami, FL 33142  
305-835-1569

**Miami Beach Community Health Center North**

11645 Biscayne Blvd. #104  
Miami Beach, FL 33181  
305-538-8835

Nou vle ede ou jwenn asirans ou bezwen an. Pwogram Asistans Miami-Dade nan Asirans Medikal kapab ede diminye kantite lajan w ap peye pou prim asirans medikal pa mwa ou.



Pou jwenn plis enfòmasyon, Rele 3-1-1, Oswa  
ale sou sit wèb [www.miamidade.gov/ochp](http://www.miamidade.gov/ochp)